Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2017 соналъул
15 сентябрь
РУЗМАН
№ 39
(7474)
Газета бахъизе
байбихьана
1937 соналъул
1 декабралда
Багьа 4 гъурущ
12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Барки**

## 15 сентябрь - Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо

ХIурматиял районцоял! Баркула нужеда Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо.

Гьеб ккола Дагъистаналъул гвангъараб тарих ракIалде щвезабулеб, социалиябгун экономикияб ва маданияб цебетIеялъе гIемермиллатазул гьелъул халкъалъул хIаракат кIодо гьабулеб байрам.



Дагъистаналъул халкъазул цолъи ккола къиматаб хазина, батIи-батIиял гIадат-гIамалхасиятал жиндилъ рессараб гIемермиллатазул ва батIи-батIиял диназул республикаялъул щулияб къучI.

Дун божарав вуго цолъи, гъунки, гражданинасулаб цадахърекъей, миллиял гIадаталгун рухIияб хазина цIунани, нилъеда кIвелин цере лъурал масъалаби тIуразаризеги, районгун республика Россиялъул церетIурал регионазул цояблъун лъугьинабизе.

Гьарула ракълилаб зоб, зодиб багIарбакъ, бакъулаб гвангъи, гьвангъараб гIумру, гIумрудулъ икъбалгун талихI, талихIаб хьизан-рукъ, гьабулебщиналъулъ икъбал ва щулияб сахлъи.

**АнвархIажи Вечедов,** районалъул бетIер

**Лъимал-нилъер букIинесеб**

## Нухазда хIинкъи гьечIолъи букIинабизе ккела

Нухазда хьвадиялъул хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул комиссиялъул иргадулаб данделъи тIобитIана 6 сентябралда районалъул администрациялда. Данделъи бачана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель М-Р. Гагиевас.

Нухазда хьвадиялъул хIинкъи гьечIолъи букIинаби лъималазда малъизе ккола лъималазул ахикьангойилан байбихьана жиндирго кIалъай ГИБДДялъул районалда бугеб отделалъул нухмалъулев МухIамад ГьазимухIамадовас. Гьезда нухазда хьвадизе малъизе кколин теорияги хIалбихьиги цоцалъ рекъезабунилан абуна гьес.

Гьеб рахъалъ кIвар бугеблъун бихьизабуна школазда гIуцIизе ккей нухазда хьвадиялъул паспортал, лъималазда малъизе ккей рокъореги школалдеги унел хIинкъи гьечIел нухлул маршрутал.

Хасго тIадчIей гьабуна данделъиялда школалде ва лъималазул ахикье унаго, нух къотIун унел бакIазда, хасал гIаламатал рукIинаризе ккеялда.

Нухазда аварияги ккун лъимал жагъаллъиялъул цо хIужжа ккун буго исана районалда, гьелда сверухъ рагьун буго такъсир гьабиялъул иш.

РахIатхун бицана данделъиялда райцентралда гIадамаз жидерго мурадазе гIоло, лъилниги изнуги гьечIого, нухазда хьил къотI-къотIун хвезабиялъул, жидерго хьулухъ тIубан хадуб гьел бакIал тIад ракьги бан, гвендалги гьарун теялъул хIакъалъулъ. Гьеб гIадат хIисабалда билълъанхъун буго райцентралда, ва гьелъул тIалаб гьабулеб идараги гьечIо. Лъица гьединал чагIазул гIадлу гьабизе кколебилан абураб суалалъе мухIканаб жавабги щвечIо данделъиялда. ГIемер захIматаб суал гуро гьеб росдал администрациялъеги, нухазул участкаялъеги, ГИБДДялъул отделалъеги цойиде ккезабизе.

Цо-кIиго гьединав чиясда тIад законалъул тIалабал хIалтIизарунани, цогидаз нухазда бокьа-бокьарал жал гьаризе гьечIилан абураб пикруялде рачIана данделъиялда.

Нухазда авариябаби ккеялъе хIинкъи бугеб хIал букIуна райцентралда машинаби хехго рачиналъги. Гьелъул хал кквезе видеокамераби лъеялъул суал комиссиялда кигIан борханиги, гIарцул сурсатал гьечIолъиялда бан тIубачIого хутIулеб буго.

**Газеталъул пресс-хъулухъ**

## Лъавукълъи къуркьизаби - парахатаб гIумру

**Гьаб анкьалъ районалда тIоритIана терроралде дандечIеялъулъ тIадрекъеялъул къо- 3 сентябралда бан республикаялда тIобитIараб форумалда хурхун тадбирал**

Дагъистаналъул БетIерасул гIакълучи, Республикаялъул терроризмалде дандечIараб комиссиялъул жавабияв секретарь Камил Ландал гIахьаллъигун араб анкьалъ райадминистрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана лъабабилеб сентябралда МахIачхъалаялда тIобитIараб терроризмалде дандечIеялде цадахърекъеялъул Къоялда хурхун тIобитIараб республикаялъулаб форум гьоркьоблъей.



Данделъиялда гIахьаллъана районалъул учреждениялорганизациябазул ва лъайкьеялъул идарабазул нухмалъулел.

Терроризмалъул инсаниятальегo бугеб хIинкъиялъул бицунаго, районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад ГIисаевас залалда гIодорчIарал ахIана терроралъул къурбаналлъун ккарал ва хасал тадбиразда хварал минуталъулаб сихIкъотIиялдалъун ракIалде щвезаризе.

Хадуб докладгун кIалъазе вахъарав жамгIияб хIинкъигьечIолъи букIинабиялъул рахъалъ районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамадрасул Гагиевас бицана ахираб 15-20 соналда жаниб район цохIо нилъер гуреб, тIолабго улкаялда хьинтIанин терроризмалъул кьогIлъи, гьелъул вахIшияв ва пашманал тIирaби зама-заманалдасан бакIбакIазде щолел рукIиналъул ва гьелда данде къеркьей жамгIияталъулгун пачалихъалъул аслиял масъалабазул цояблъун кколеблъи. Гьединго гьес рихьизаруна данделъиялда МахIачхъалаялда гьеб суалалда сверухъ гьаризе кколел тадбиразул Республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповас гьарурал цо-цо тIадчIеял.

«РахIатаб ва хIалхьараб гIумру чара гьечIого хIажалъула лъай, лъавукълъиялъ руго гIолохъаби рачунел такъсириял пишабазде ва мекъаб гали чIваялде. Жакъа къоялъ гIолилазул лъавукълъиялъул хIасиллъун ккола дунялалдаго гIадин, Дагъистаналдаги тIибитIулеб бугеб ва щивасул ригьзабахъе, «рохьилалилан» аскариялилан батIа гьаричIого, рухIалил кьварилъи босун бачIунеб экстремизмгун терроризм»,-илан абуна Рамазан ГIабдулатIиповас Форумалда жиндирго кIалъаялда. -Нилъ гьелда тIад щибаб минуталъ ургъизе ва хIалтIизе ккола,-ян абуна лъугIизабуна МухIамадрасул Гагиевас жиндирго цевевахъин.





-Ахирал соназ гIемераб би тIуна Дагъистаналда. Гьал мугIруздагун магIарухъ кидаго букIинчIеб нахъегIанлъилъун ккола хIалихьатал чагIаз нахъасанги речIчIун, чи чIвай, щибго гIайиб гьечIел лъималгун гIадамал, хасго улка-ракь цIунун ругел, гIумруялдаса ратIа гьари,-ян абуна жиндирго кIалъаялда райадминистрациялъул отделалъул нухмалъулев МухIамад Коратовас, жигьад щивас жиндирго напсалдаса байбихьизе ккеялда тIадчIей гьабулаго.

Лъайкьеялъул районалъул управлениялъул нухмалъулев Муса Гьаруновас жиндирго цевевахъиналда тIадчIей бицана терроризм цо сагIаталдасанни киб гурин, цо лъагIалидасанги кьолболъанго тIагIинабизе кIолеб унти гьечIеблъиялда.

-ГIолилазда гьоркьоб гуребги, лъималазул ахаздасан байбихьун бицен гьабизе ккола терроризмалъул пашманал хIасилазул хIакъалъулъ, щулияб бухьен букIине ккола гьитIичазул умумузулгун. Цин эбел-инсул ботIролъ «тIирщараб экстремистияб мугьалъ» лъикIал гурел хIасилал кьола хадубккун гIисинал лъималазул хьвада-чIвадиялъулъгун рукIарахъиналъулъ.

Терроризмалъул пашманал хIасилазул, гIайибго гьечIого кколел къурбаназул, гьелда дандечIеялъе ккола тадбиразул бицарал рукIана кIалъазе рахъарал ДЮСШялъул директорасул заместитель Бадрудин Бадрудиновасул ва районалъул ветераназул советалъул председатель МухIамад Шамсудиновасул пикраби.

# Лъавукълъи къуркьизаби - парахатаб гIумру

**Гьаб анкьалъ районалда тIоритIана терроралде дандечIеялъулъ тIадрекъеялъул къо- 3 сентябралда бан республикаялда тIобитIараб форумалда хурхун тадбирал**

1

-Дун вохарав вуго гIагараб дир районалда тIасан амраби рачIинегIан чIечIого, Дагъистаналъул терроралде дандечIараб цогояб фронт рагьиялъе хIажатал тадбирал лъикIал хIасилал кьоледухъ унел рукIиналдасан,-ян байбихьана Камил Ландаца жиндирго кIалъай Форумалда Рамазан ГIабдулатIиповас бицаралъул кIваралда тIадчIей гьабулаго.-Терроризм исламалда хурхизабулезда абила, гьелъул кьалбал исламиял пачалихъазда гурел, БакътIерхьул Европаялда тIирщанин ва гьенисан бакканин бакI-бакIазда кIудиял камиялгун ккарал рагъулал тунка-хIусиял хIисабалда.

Киназдаго якъинго бичIчIула ислам ракълил чапар букIин, вахIшияб терроризмалда хурхараб гьелъул щибго гьечIеблъи. Амма жакъасеб динияб экстремизмалъул аслияб масъалалъун ккола пачалихъ бихха-бикьи, гьелъул гуч ва къуват тохлъизаби. Амма бичIчIизе ккола нилъер пачалихъ, нилъер улка нилъ кваназарулей эбелльун кколебльи ва, якъинаб жо, нилъеца эбел-эмен цIунизе кколебльи ва гьел нилъеца тIаса рищулареблъи. Гьелъухъего, нилъерго гучаб улкаялда данде чIечIого, нилъ хIалтIизе ккола гьеб жеги цебетIезабиялда, халкъалъул яшав лъикIлъизабиялда тIад.

Республикаялъул БетIерасул гIакълучияс районцоял ахIана лъималазе ва лъималазухъан щвалде щвараб лъай тIалаб гьабизе, гьел цохIо тарбиячагIаздагун мугIалимзабазда божун течIого, щулияб бухьен лъайкьеялъул идарабазулгун ккун, цадахърекъон хIалтIизе.



Данделъиялъул ахиралда МухIамад ГIисаевас баркала загьир гьабуна гьелъул гIахьалчагIазе ва лъайкьеялъул идарабазул хIалтIухъаби ахIана жиде-жидер хIалтIулал бакIазда профилактикиял гьединалго тадбирал тIоритIизе.

* * *

Республикаялда тIобитIараб Форум гьоркьоблъуна ва гьелда тIасан жидерго пикраби загьир гьаруна дагьал цере къояз халкъалъе социалияб хьулухъ гьабулеб районалъул Центральул социалиял хIалтIухъабаз, районалъул лъайкьеялъул идарабазул




физкультураялъулгун ОБЖялъул мугIалимзабаз ва тренераз, районалъул библиотекаялъулгун КДЦялъул х1алт1ухъабаз. Гьел тадбиразда гIахьаллъи гьабуна районалъул ветераназул Советалъул председатель Мух1амад Шамсудиновас, терроралде дандечIараб районалъул комиссиялъул специалист МухIамадхIажи Халиловас,



районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумаровас, райадминистрациялъул спорталъулгун туризмалъул ва г1олилазул ишазул отделалъул нухмалъулев Т1алх1ат Г1абдулбасировас.

**Газеталъул пресс-хъулухъ**

**Миллияб политика**

## Татьяна Гамалей: Миллаталъул тарих, хаслъи ва гьудуллъи цIуни -нилъер масъала

Араб анкьалъ Болъихъ тIобитIана Дагъистаналъул МугIрузулаб территориалияб округалъул районазда 2025 соналде щвезегIан Россиялъул миллияб политикаялъул стратегия гIумруялде бахъинабиялда хурхинабураб семинар-совещание.



Гьениб гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул миллияб политикаялъул министр Татьяна Гамалейица, террорияб хIинкъигьечIолъи букIинабиялъул рахъалъ Республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасул кумекчи Сайпудин Сайповас, миллияб политикаялъулгун информационнияб хьезабиялъул управлениялъул нухмалъулев МухIамад Даитбеговас, гьебго министерствоялъул отделалъул нухмалъулев Бахтияр МахIмудовас, МугIрузулаб территориалияб округалъул районаздаса вакилзабаз.

Гьалбадериде саламалъулаб кIалъайгун ва анкьумумузулго букIараб гьобол-гьудул хиралъиялъул кьокъидго бицун вахъарав Болъихъ районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас кIалъазе рагIи кьуна Татьяна Гамалейие.

«Гьадинал данделъаби тIоритIулаго, нижер букIуна цадахъаб чанго масъала. Гьездаса аслияблъун букIуна бакIазде щун, чIара-хьараб жамгIиябгун политикияб ахIвал-хIал букIиналъе хIалтIи кин гIуцIун бугебали, бакIалъулал самоуправлениязгун терроралъулгун экстремизмалъул идеологиялде дандечIеялде гьабулеб профилактикияб жидерго хIалтIулъ жамгIиял организациял гIахьал гьариялъул, гIолилазе патриотикияб лъай кьеялъул халгьаби, миллатазда гьоркьоб ва батIи-батIиял диназда гьоркьоб цолъи щулалъизаби.

КIвар бугеблъун ккола жамгIиял идарабаз бакIазда гьабулеб хIалтIиги ва бакIалъулаб тIалъиялъ гьезие гьабулеб кинабгIаги кумек-квербакъи. Нижер министерствоялъ хIаракат бахъула гьединал идарабазе методикиябгун консультативияб букIа, финансазулаб букIа, кумек гьабизе. Сонайил тIоритIула Дагъистаналъул бетIерасул грантазе конкурсал ва гьезул хIасиладзалъун тIатинарула бищунго-бищунгоял жамгIиял хIаракатчагIи.

Гьеб кинабгоялъулъ хасаб бакI ккола 2025 соналде щвезегIан Россиялъул миллияб политикаялъул стратегия гIумруялде бахъинабиялъулъ жамгIиял идарабазул хIалтIуца»,-ян абуна министралъ бакI-бакIазда миллатаздагун диназда гьоркьоб тунка-хIусиял, ричIчIунгутIиял ккечIого рукIине жамгIиял идарабазул бугеб кIваралда тIадчIей гьабулаго.



Гьединго министралъ бицана Миллияб политикаялъул министерствоялъул аслияб кIиго масъала-кIвар букIиналъул: Россиялда бугеб щибаб миллаталъул, этносалъул хаслъи цIуни, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи-вацлъи щулалъизаби ва, гьеб цIунизе ккани, гьеб рахъалъ халкъалъулгун гьабулеб хIалтIи хIажалъиялъул. Абуна гьединго лъидасанго лъикI гьеб рахъалъ бугеб ахIвалхIала жамгIияталда, кьойил гIадатиял гIадамалгун бухьенхурхен бугел гIадамазда лъалин ва гьезул берзукьан борчIараб цо гьитIинабги гьая букIунарин.

Хадур кIалъазе рахъана МугIрузулаб территориалияб округалъул районаздаса вакилзаби. Щивас бицана жидер районалда жамгIиял палатабазул хIалтIул, гьелъул гIолелгIоларел рахъазул. ТIадчIей гьабуна районалда ругел миллатазда гьоркьоб гьудуллъи-гьуинлъи цIуниялъе гьаризе кколел хIалтIабазда.

Гьенивго кIалъазе вахъарав райадминистрациялъул отделалъул нухмалъулев МухIамад Коратовас абуна букъараб зар гIадинаб гIемермиллатазулаб Дагъистаналда цоцаде рокьукълъиялъул хабар бицинго битIараблъун бихьуларин, умумузулго батараб гIадат букIиналъул гьобол-гьудуласе рагьараб нуцIаги, бищун лъикI гьабулеб хьулухъгиян.

СеминаралъулгIахьалчагIаздехун хитIаб хIисабалда, кIалъазе вахъарав Сайпудин Сайповас борхана экстремизмалдегун терроризмалде дандечIеялъул суал. Гьесул рагIабазда рекъон, кIудияб кIвар буго бакIазда жамгIиял идарабаз гьеб рахъалъ такъсирчагIазул гIагарлъигун ва ракълилаб гIумруялде рачIаразулгун гьабулеб хIалтIул.

«Гьединлъидал, хIаракат бахъе нужерго жигарчилъи жеги цIикIкIинабизе ва гьеб рахъалъ гьабулеб хIалтIи цохIо гIолилазда гьоркьоб гуребги, лъималазул ясли-ахалдасанго байбихьун, гьабизе»,-ян ахир лъуна Сайпудин Сайповас жиндирго цевевахъиналъе.

Семинаралъул ахиралда Татьяна Гамалейица баркала загьир гьабуна Болъихъ районалъул нухмалъиялъе ва гIахьаллъаразе пайдаяб дандчIваялъухъ.

**Хадижат Залимханова**

# ТарбиячIужу Рима

ГIурусазул машгъурав хъвадарухъан Л. Н. Толстояс абулаан лъималазе тарбия кьеялъулъ щулияб къучI лъолин гьитIичаздехун кIудиязул бугеб рокьиялъги, ритIухълъиялъги, гьездаса нилъер рекIел хIалги бахчичIого, чIахIияздехун гьезул божилъи щулалъизабизе кIвеялъги.

Гьедин хIалтIизе гьунарги, рекIел цIайиги, гьабулеб хIалтIуде рокьиги бугел тарбиячагIи гIемерал руго районалъул ясли-ахазда. Гьединаздаса цояй ккола гIемерал соназ лъималазе тарбия кьолей Рима МухIамадова. Гьей гьаюна I958 соналъул 5 маялъ Агъвали росулъ юрист ХIабибил хъизамалда. Эбел Анна Герасимова йикIана Воронеж областалъул Астрогорск шагьаралдаса, гьей гIемерал соназ хIалтIана Агъвали райбольницаялъул акушерказъун. I976 соналъ Агъвали гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, Рима цIализе лъугьана Дагъистаналъул педагогикияб институталъул филологияб факультеталде. I98I соналъ щвана гьелъие тIадегIанаб лъай щвеялъул диплом ва хIалтIизе йитIана КIванада росдал гьоркьохъеб школалде гIурус мацIалъулгун адабияталъул мугIалимлъун. ИчIго соналъ ракIбацIцIадго хIалтIана гьений, ва I990 соналъ ячIана «Бакъ» лъималазул ахикье тарбиячIужулъун хIалтIизе. Къого соналъ цогидазе мисалияб хIалалъ хIалтIулаго, кинабго рокьиги чорхол къуватги къуна гьелъ гьитIичазе.




Агъвали росулъ кIиабилеб лъималазул ах рагьигун, Рима хIалтIизе лъугьана «Теремок» ясли-ахалда кIудияй тарбиячIужулъун. Гьенийги жийго йихьизаюна лъималазде гIурхьи гьечIеб рокьиялъул жавабияй хIалтIухъанлъун. Жакъа къоялдеги гьелъ ясли-ахалъул нухмалъулей Хадижат ХIасановалда хьолбохъ эхетун сундулъго жигараб гIахьаллъи гьабула. ЦIакъ рази йигоан гьелъул хIалтIудасан ясли-ахалъул нухмалъулейги. Гьелъул хIалтIул хIасиллъун ккола исана августалъулаб совещаниялда лъайкьелъул управлениялъ гьелъие кьураб ХIурматалъул грамотаги. Гьединго 2009 соналъ гьей мустахIикълъана Дагъистан республикаялъул «Лъайкьеялъул цеехъан» абураб тIадегIанаб шапакъаталъе.

Рима ХIабибовналъе сундасаго къиматаб буго гьитIичазул эбел-инсул, цадахъ хIалтIулезул ва гьудулгьалмагъзабазул гьелдехун бугеб хIурматги, адабги ва рокьиги. «Лъималазе тарбия кьеялъулъ аслияб бутIа лъола ясли-ахалда щвараб тарбиялъ ва гьездехун гьениб букIараб рокьиялъ», -абураб пикру буго «Теремок» ахалъул кIудияй тарбиячIужуялъул.

Баркула гьей намус бацIцIадай гIаданалда щвараб шапакъат. Гьарула хIалтIулъ жеги кIудиял бергьенлъаби ва лъималазул талихIалдаса йохараб сахаб халатаб гIумру.

**Зулфия Сажидова**

# Байрам кIодо гьабуна

Сон районалъул администрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана Дагъистаналъул халкъал цолъиялъул байрам кIодо гьабураб данделъи. Республикаялъул аслиял байрамазул цояблъун кколеб гьелъул рохалилаб тадбир рагьулаго ва залалда гIодорчIаразда гьеб баркулаго, районалъул



бетIер АнвархIажи Вечедовас бихьизабуна, гIолохъанаб байрамилан толеб гьелъулъ щулаго гьункун рукIин дагъистаниязул миллияб хазина-цоцадехун адаб-хIурмат, гьудуллъи-вацлъи, гьунки.

«Байрамалъул магIна ккола Дагъистан гIадинаб миллатал гIемераб республикаялда гьел цолъи ва гьунки, цадахърекьон церечIарал масъалаби тIурай, гIузрабигун квекIенал кьинари, ккараб къо борхизе цо чи гIадин рахьун, ракьалда рекъел ва парахалъи букIинаби жидер аслияб масъала букIин дагъистаниязда бичIчIи. Гьелъулъ буго нилъер гуч. Россиялда гьечIо, Дагъистан гIадаб, гIемер миллатал цолъараб ва гьункараб, анкьумумузул гIадат-гIамал ва жиндирго бечедаб тарих цIунараб бакI. Гуребани, 275 соналъ цебе Дагъистаналъул халкъал цолъун, гьункун, Надиршагьасул бо щущахъ биххизабизе рахьинароан. Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо буго, цогидал байрамаздаго бащад, гIодобкьолъунги лъазабун, Дагъистаналъул байрамазул аслияб байрам»,-ян абун, халкъалъул цолъилъиялда тIадчIей гьабуна районалъул бетIерас.

Байрамалъул тарихалъул, Дагъистаналъул халкъазул гьудуллъиялъул, гьункицолъиялъул хIакъалъулъ гьваридго бицана райадминистрациялъул отделалъул нухмалъулев МухIамад Коратовас.

Данделъиялъул ахиралда районалъул бетIерас киналго ахIана Дагъистаналъул халкъгун цадахъ гьункун церехун ине.

**Батул МухIамадова**

# «ХъахIал къункърабазул» байрам

8-9 сентябралда Дагъистаналда тIобитIана «ХъахIал къункъраби» абураб Дагъистаналъул халкъияв поэт Расул ХIамзатовас гIуцIараб рухIиябгун поэзиялъул ва рагъул байдабазда тIагIарал ракIалде щвеялъул литературияб байрам. Гьенире рачIун рукIана Россиялъул, Болгариялъул, Сербиялъул ва Белорусиялъул поэталгун хъвадарухъаби.



8 сентябралда, Расул ХIамзатов гьавураб къоялъ, тIугьдузул квацIаби лъуна поэтасул хабада ва гьесул цIаралда бугеб проспекталда бугеб памятникалда цере.

Байрам рагьиялъул рохалилабгун хIурматияб данделъи тIобитIана гьебго къоялъ МахIачхъала шагьаралъул Ленинилаб Комсомолалъул паркалда жинца эркенлъи къурав- солдатасул памятникалда цебе.

Машгъурав халкъияв поэт ракIалде щвезавизе рачIун рукIана Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул Председатель Хизри Шихсаидов, ХIукуматалъул Председатель ГIабдусамад ХIамидов, ХIукуматалъул Председателасул тIоцевесев заместитель Анатолий Карибов, Республикаялъул культураялъул министр Зарема Бутаева, МахIачхъала шагьаралъул мэр Муса Мусаев, Расул ХIамзатовасул гIагарал чагIи, гьудул-гьалмагъзаби, цадахъ хIалтIулел рукIарал, гьесул творчество бокьулел ва гIемерал цогидалги.

* * *

## ХIамзатил Расул

**Хунзахъ районалъул ЦIада росулъан**
**КIиго цIум боржана цо бусадасан.**
**Дагъистан гвангъараб чирахълъун цояб**
**Дунялго гвангъараб бакълъун цогидаб.**

Мун гьавураб къоялъ ХIамзатил рокъоб
Рохел-ихтилаталъ къвал бан букIана.
«Инсул ирс босулев, баракат бугев
БахIарчи гIеги»,-ян рорхана лълъарал.

Лъаларо ХIамзатил балъголъи лъайги,
Лъуна васасда цIар Расулин абун.
Рисалат тIобитIун сверана дунял
Дагъистаналъул цIар борхана зодоб.

Абула гIадамаз цо гIасруялда
Аза-азаразулъ цо чи вахъулин.
Хун, хабалъе вукъун векал аниги,
ЧIагоязул мухъилъ даим хутIулев.

Панаяб дунял тун, хабалъ лъуниги,
Хвел гьечIеб цIар тана чIаго ругезе.
Берцинаб каламги кепал харбалги
Халкъалъе хутIана абадиялъго.

Зодисан къокъунеб къункърабазул тIел,
БачIанищ мухъилъе Расулил къункъра?
ГIагараб улка тун, боржун унелъул
Куркьбал хьвагIе дуца, халккун чIела ниж.

**МухIамад ГIалиев**, Хасавюрт район, Первомайское росу.

«Редакция газеты «ЦІумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетІерав редактор Малачдибиров ГІубайдула СагІадулаевич

Жавабияй секретарь Залимханова Хадижат МухІамадовна

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул ) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦІумада район, Агъвали росу.

«ЦІУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гІуцІараб: «ЦІумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватІибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахІачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс:
бащдаб лъагІалие - 51377
лъагІалие - 63302
Тираж -2310
Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватІибе биччазе гъулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХІакъикъаталда гъулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электронниияб адрес: Golostsumady@mail.ru

## Пожарный надзор и безопасность

Опасность пожаров подстерегает не только на предприятии, но и в быту: в жилом доме, в личном автомобиле или в гараже, садовом участке и необходимо обеспечить первичными средствами пожаротушения и системой защиты.

Пожары в быту случаются от неосторожного обращения с огнем, от использования неисправных электросетей и бытовых приборов, курении в постели нетрезвом виде, одновременного включения в одну розетку нескольких электроприборов и прочих причин.

Для предупреждения пожара в быту всегда следует помнить простые правила пожарной безопасности: следить, чтобы электрические лампы не касались бумажных и тканевых абажуров, не забывать, уходя из дома, выключать электроприборы, не применять самодельных предохранителей, электроудлинителей и т.п.

Требуется следить за исправностью и чистотой всех электробытовых приборов. Монтаж электропроводки и её ремонт нужно доверять только специалистам. Недопустимо курение или зажигание спичек при пользовании бензином, ацетоном, керосином, растворителями.

При посещении подвала, чердака, сарая, кладовки, гаража не допускайте курения и использования для освещения зажженной спички или свечи. Бесконтрольное сжигание во дворе жилого дома, в котором сжигаются старая мебель, мусор, опавшие листья, тополиный пух, особенно в ветреную погоду, может привести к необратимым процессам. К пожару может привести и отогревание замерзших труб паяльной лампой или факелом.

Не оставляйте детей дома одних, когда горит газовая плита, топится камин, печь или включены электроприборы. Храните спички в местах, недоступных для детей. Шалость детей со спичками - частая причина пожаров.

До прибытия пожарной части примите меры к эвакуации людей и имущества, приступите к тушению имеющимися средствами. В случае загорания изоляции электропроводов, необходимо сначала отключить сеть, а затем приступить к тушению. Керосин, бензин, и другие легковоспламеняющиеся жидкости нужно тушить использовав одеяло, плотную ткань или песок.

В случае пожара или появления дыма следует немедленно сообщить в пожарную охрану по телефону 112;55-17-81; 2-52-66; 8-909 483-53-78.

**Магомед Магомедов,** зам.начальника пожарной части

## Всероссийская акция «Живи, лес!»

С 1 сентября по 31 октября проходит Всероссийская акция «Живи, лес!» и Цумадинское лесничество предлагает всем цумадинцам присоединиться к Всероссийская акция «Живи, лес!», которая проходит с 1 сентября по 31 октября.

В рамках акции все желающие смогут принять участие в уборке лесов от мусора и мероприятиях по посадке молодых деревьев в лесу, уход за посадками прошлых лет, в проведении субботников по благоустройству территорий памятников и мемориалов, пришкольных участков, закладке аллей и сборе семян и шишек, в агитационных мероприятиях.

Основная цель акции - привлечь внимание граждан к сохранению и приумножению лесных богатств района, формирование бережного отношения к лесным богатствам и окружающей среде.

Посадочный материал можно получить у нас в лесхозе. Только совместными усилиями мы можем сохранить уникальные природные богатства нашего района.

**Патимат Яхьяева**

2011 соналъул 26 июналъ районалъул къасисеб школалъ ГІумаханова Нурбика ХІабибовнаялъул ц1аралда къураб аслияб лъай щвеялъул х1акъалъулъ 05 БВ 0055571 аттестат билун буго.

Гьеб жакъа къоялдаса нахъе хІакъикъияб гуреблъун рикІкІуна.

2011 соналъул 26 июналъ районалъул къасисеб школалъ ГІумаханов Мурад ХІабибовичасул ц1аралда къураб аслияб лъай щвеялъул х1акъалъулъ 05 БВ 0055572 аттестат билун буго.

Гьеб жакъа къоялдаса нахъе хІакъикъияб гуреблъун рикІкІуна.

ТІадгъакквари росдал гьоркьохъеб школалъ Мусаева ИзахІат Сайпудиновнаялъул ц1аралда 1987 соналъул 12 июналъ къураб микьго класс лъуг1иналъул свидетельство (сер.Г № 559446) билун буго.

Гьеб жакъа къоялдаса нахъе хІакъикъияб гуреблъун рикІкІуна.

ТІадгъакквари росдал гьоркьохъеб школалъ МусамухІамадов МухІамад ХІасановичасе 1980 соналъул 12 июналъ къураб микьго класс лъуг1иналъул свидетельство (сер. В № 478759) билун буго.

Гьеб жакъа къоялдаса нахъе хІакъикъияб гуреблъун рикІкІуна.

Утерянный МК-7 0305058 сертификат на материнский (семейный) капитал, выданный Цумадинским районным отделом Пенсионного фонда России 12 октября 2015 года на имя Пахрулаевой Патимат Магомедовны считать недействительным.

**Спорт**

## Нилъер рекерухъабазул бергьенлъаби

9 сентябралда МахІачхъалаялда тІобитІана 2002-2003 соназ гьарурал гІолилазда гьоркьоб тІадагъаб атлетикаялъул рахъалъ Дагъистаналъул первенство. Гьенир гІахьаллъарал Агъвали гимназиялъул цІалдохъаби КІочІалиса ХІамзатов МухІамадие 1000 метралъул манзилалъ векерун тІоцебесеб,



спортивияб снаряд рехун кІиабилеб бакІ щвана, Керимов Шамилица босана тІоцебесеб бакІ 800 метралъул манзилалъ векерун, кІиабилеб бакІ 60 метралъ векерун ва спортивияб снаряд рехун лъабабилеб бакІ.

Гьезие рес щвана декабралда Осетиялъул рагъараб чемпионаталда гІахьаллъизе.

Баркула МухІамадида, Шамилида ва гьезул тренер ХІамзатов ГІабдулкаримида бергьенлъаби. Гьарула гьезие щулияб сахлъи, талихІгун икъбал ва хадурккунги чІахІиял бергьенлъаби.

**МухІамад Къасумов**

## Ханпаша Нурадиловасул приз

9 сентябралда Хасавюрт районалъул Нурадилово росулъ тІобитІана тІобитІана Совет союзалъул БахІарчи Ханпаша Нурадиловасул призазе гІоло 2000-леб соналъ ва гьелдасан хадур гьарурал гІолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ халкъазда гьоркьосеб ункъабилеб турнир.

Гьениб гІахьаллъи гьабуна республикаялъул анцІила щуго командаялдаса кІинусиялда лъебералда цо спортсменас, гьездаго гьорлъ нилъер районалдасанги. Турниралда гІахьаллъана Казахстаналдасагун Азербайжаналдасан спортсменалги.

Къецал рукІана хІалуцарал, балагьаразе кІвар къурал. Абизе ккола, риидалил хІухьбахъудаги рукІун рачІарал нилъер спортсменазе гьаб тадбиралда гІемерго битІккечІин абун. ХІан батила гьениб роль спортсменал бухІараб бакъукь гугарулел рукІиналъги.

38 кг. цІайиялда финалалде щварав АхІмад МухІамадовас ахирисел лахІзатазда бергьенлъи биччана жиндирго дандияе ва гьев ккана кІиабилеб бакІалде.

58 кг. цІайиялда цеве вахъарав МухІамад ГІабдулмуслимовасеги щвана лъабабилеб бакІ.

Турниралъул чемпионалгун спортсменал кІодо гьаруна рекъонкколел даражабазул дипломалгун грамотабаздалъун ва гІарцулал сайгъатаздалъун.

**Шамил Сажидов**

**Зигара балеб буго**

Райадминистрациялъул хІалтІухъабаз ва районалъул Собраниялъул депутатаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго гІалимчи, МахІачхъала шагьаралъул Малыгинил къотІноб бугеб мажгиталъул имам

**Идрис-хІажи Исрапилов**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан гьесул хъизан-лъималазда, гІагарлъиялда ва Эчеда росдал жамагІаталда. Хварав иманалда тІовитІун ватаги, хъизан-лъималазе ва гІагарлъиялъе иманияб сабруги кьеги.